



# PREPARE FANMI OU POU DEZAS

KISA POU FÈ ANVAN, PANDAN, E APRÈ DEZAS  
NATIRÈL OSWA DEZAS SANZATANN YO.

[www.colliercares.org](http://www.colliercares.org)



## ANVAN DEZAS YO

Dezas kapab frape nenpòt lè. Rete vijilan e prepare.

- ✓ Telechaje [Collier CARES](#) mobile app la pou jwenn aksè nan resous kominotè yo. Ou kapab "favorize" resous enpòtan pou jwenn aksè ki pa anliy. Revize paj Resous Ijans ak Siklòn [Hurricane & Emergency Resources](#) la.
- ✓ Siyen nan [Alet Collier](#), sistèm notifikasyon ijans Collier County a pou resevwa mesaj evakyasyon pou sove lavi. Telechaje [Aplikasyon Collier County 311](#) a smenm ou aksè rapid pou jwenn enfòmasyon sou dezas aktyèl oswa sone liy dirèk pou ijans Collier a 311 oswa 239-252-4311.
- ✓ Konnen [Zòn Evakyasyon](#) ou e Prepare yon Plas Ijans:
  - Vizite [Paj Collier County enfòmasyon Ijans](#) pou zòn evakyasyon e enfòmasyon sou abri, enkli abri ki aksepte zannimo domestik .
  - [Prepare yon plan dezas](#) pou fanmi ou e pataje plan ou avèk yon moun andeyò zòn ou. Eske ou menm oswa yon moun pwòch ou depann de oksijèn oswa elektrisite pou abri pou bezwen espesyal.
- ✓ [Prepare yon Ekip Matériel Ijans pou 7 jou](#) ki enkli kach, manje, dlo, medikaman (materyèl ki sifi pou yon 2 semenn t ap pi bon), ekipman ijan e materyèl pou zannimo domestik.
- ✓ **Anpeche Pwoblèm Dezas Legal: Prepare Dokiman Enpòtan**
  - Revize prensip asirans kay ou oswa asirans lwave ou pou asire ke ou genyen kouvèti adekwa pou lakay ou e pwopriyete ou.
  - Plase tout papye/dokiman enpòtan ou nan yon kote ki an sekirite (pa egzanp, testaman, prensip asirans, papye pwopriyete, akò lwave, ak (ki sou non ou), elatriye. Mete yo nan yon resipyen ki enpèmeyab. Eskane e sovgade dokiman ou nan lokasyon anliy ki sekirize, paske ou pral bezwen yo pou rekiperasyon.
  - Pran foto e prepare yon lis atik ki lakay ou e menaj majè ou pou referans alavni.
  - Pou asistans legal, kontakte [Legal Aid Service of Collier County](#)



SCAN ME

## FANMI CCPS



- Reaktyalize enfòmasyon kontak ou nan [CCPS Portal](#) la.
- Telechanje CCPS Mobile App la.
- Swiv nou sou [@collierschools](#) nan Facebook nan Twitter pou reaktyalizasyon.

[Telechaje Collier CARES App la](#)



App Store



Google Play



## PANDAN DEZAS

Sekirite Avan Tou. Swiv Avi evakyasyon.

- ✓ **Swiv Avi Evakyasyon:** Si yo mande pou ou evakye, kite kay ou touswit. Fèmen sèvis itilite ou epi pran materyèl ijans ou e dokiman enpòtan ou avèk ou. Si ou kapab ale nan zòn cho, fè sa. Itilize sèlman abri lokal si ou pa genyen lòt opsyon.
- ✓ **Si ou abrite yon kote**, deploge ti aparèy, fèmen rezèvwa pwopàn, e pran atik ki kapab detwi oswa lakoz destrikson avèk ou. Kouvri tout fenèt oswa pòt avèk obtiratè e mete kabiran nan veyekil ou. Abrite ou nan yon ti chanm alenteryè avèk pòt fèmen. PA abrite nan yon plas mobil oswa yon kay prefabrike.
- ✓ **Swiv Radyo, TV, oswa Rele 311 pou Enfòmasyon Kritik**  
Sonje pou konsève batri telefòn ou pou itilizasyon esansyèl anka pata genyen kouran.
- ✓ **Swiv Konsèy Sekirite** Entènasyonal Fondasyon pou Sekirite Elektrik (ESFI) enkli [Liy direktif pou itilize jeneratè](#).



## APRE DEZAS

Repare e rekonstwi plis rezilyans.

- ✓ **Sone 311 e chèche pou resous nan Collier CARES app an**  
Chèche konnen si katye ou prepare pou jwenn aksè oswa pou soti, e ki kote ki genyen syèj distribisyon alimantè e sant enfòmasyon etabli.
- ✓ **CCPS**  
Verifye koryèl ou e medya sosyal ou pou konnen kilè lekòl ap ouvè.
- ✓ **Dokiman Domaje e Evite Eskwokeri Reparasyon**
  - Pran foto pou dokimante tout domaj nan pwopriyete ou.
  - Egzije reklamasyon avèk asirans ou epi/ FEMA jan sa a aplikab.
  - Lè ou ap repare kay ou, chèche pou wè si yo genyen lisans pou evite eskwokeri. Kenbe tout resi.
  - Pa siyen yon kontra san ou pa revize li.
  - Chèche konsèy legal e mande ajans pou ofri sèvis pou dezas.
- ✓ **Organizasyon Lokal yo la pou Ede**  
Aprè yon dezas, anpil òganizasyon non likratif lokal pral ofri soulajman e sèvis sipò pou ou e fanmi ou tankou:
  - ▶ [The American Red Cross](#)  
\*Rele Liy Dirèk Nasyonal la: 1-800-733-2767
  - ▶ [The Salvation Army of Collier County](#)
  - ▶ [The United Way of Collier & the Keys](#)
  - ▶ [Collier Resource Center](#)
  - ▶ [Legal Aid Service of Collier County](#)



## LÒT RESOUS

Patisipe nan pwogram fòmasyon CERT Community Emergency Response Team ([CERT](#)) [Training Program](#).

Fè Donasyon nan Collier Comes Together Fund.  
Vizite sit entènèt [Collier Community Foundation](#).

